

Si w ap pèdi asirans sante MassHealth, ou ka anmezi pou enskri pou asirans sante atravè travay ou an, oswa jwenn asirans sante atravè Massachusetts Health Connector.

Si w resevwa yon avi nan men MassHealth ki fè w konnen asirans sante w la ap fini, **ou ka enskri nan plan asirans sante travay ou an** si w elijib pou plan asirans sante gwoup travay ou an. Massachusetts egzije pou tout moun gen asirans sante, epi enskri nan plan konpayi w la pi vit posib vle di ou p ap gen reta nan asirans sante.

Si travay ou an pa ofri asirans sante pou anplwaye yo oswa si ou pa elijib pou plan yo a, **ou ka jwenn nouvo asirans sante atravè Massachusetts Health Connector nan MAhealthconnector.org/ht/**, epi ou ka anmezi jwenn èd pou peye nouvo plan ou a.



Si w elijib pou asirans sante atravè travay ou men ou panse asirans ki disponib atravè travay ou an pa abòdab, ou ka elijib pou èd pou ou peye yon plan Health Connector. Ou ka ale sou **MAhealthconnector.org/ht/ESI** pou w wè si w ka jwenn asirans sante ki pi abòdab.

Ou bezwen èd?

Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd:

- **Rele Sèvis Kliyantèl Health Connector** nan 1-877-MA ENROL (1-877-623-6765) TTY: 1-877-623-7773
- **Jwenn yon Navigatè lokal** pou jwenn èd an pèsòn nan MAhealthconnector.org/ht/here-to-help
- **Jwenn sèvis san randevou Health Connector nan:**
 - 133 Portland St., Boston
 - 88 Industrial Ave., Springfield
 - 146 Main St., Worcester

